ГЬУДУЛЛЪИ / ДРУЖБА
Газета «Дружба» 90 лет
№ 47 (10120) БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 2020 сон. 17 июль. /Рузман
« ГЪУДУЛЛЪИ» КАЗИЯТАЛЪУЛ, ЮБИЛЕЯЛДЕ ХIАДУРУЛАГО

# Кагъат-къаламалъул къуватаб рагIи



*Г1азизов Мух1амад Саг1дулаевич. (1942-1994сс.)*

МухIамад гьавуна ва гIуна Шодрода росулъ. Гьесул эмен ГIазиз вукIана исламияб гIелму цIаларав чи. Росдал анкьго сонил ва АнсалтIа гьоркьохъеб школалда лъайги босун МухIамадица 1970 соналда лъугIизабуна Дагъистаналъул росдал магIишаталъул институт ва гьебго соналъ хIалтIизе лъугьана Унцукуль районалда росдал магIишаталъул бетIерав зоотехниклъун. 1971 соналда МухIамад хIалтIизе лъугьуна нилъер районалъул «Коммунизмалде нух» газеталъул росдал магIишаталъул отделалъул заведующиясул хъулухъалде. 1975-1994 соназда хIалтIана гьеб газеталъул редакторасул заместительлъун. Гьев вукIана редакциялъул партorganизациялъул секретарьлъунги.

Гьесда лъикI лъалаан районалъул экономикияб, политикияб ва социалияб гIумру ва гьелъ гьесие кумек гьабулаан гьелъул хIакъалъулъ газеталъе кIвар бугел критикаялъул макъалаби хъвазе.

М.С. ГIазизов вукIана гьунар бугев журналист. СССРалъул журналистазул союзалъул мустахIикъав член. Гьес хъвалаан кучIдулги.

МухIамад вукIана гIакълуги камилав, каламги гьуинав, бегIераб къаламалъул ва гIатIидал пикрабазул журналист, сабруяб ракIалъул, ритIухъав гьалмагъ ва гьудул. Гьев вукIана ВатIаналде кIудияб рокьиги бугев, росдал къадру-къиматги цIунарав, унго-унгояв патриот. Гьединав вукIиналъ кIудияб пашманлъиялда баччана МухIамадица СССР биххи.

Аллагьас кьурал дагьалго соназул гьесул гIумру букIана хIалимлъиялъги, гIаданлъиялъги, гIадамасулгун бугеб гьудуллъиялъги, иманалъги ва сабруялъги сверун ккураб. Гьес ракьалда тана унго-унгояб гIадамазда кIочонареб лъалкI.

БитIун завалалда жиндир гIумрудул гIолохъанлъи бугеб заманалда 1994 соналъ гьес абадиялъ берал къанщана.

**(Хадусеб 2 аб. гьум.)**

## Руслан Гамзатов проинспектировал ход работ на объектах строительства



***Исполняющий обязанности главы МР «Ботлихский район» Руслан Гамзатов, заместитель главы администрации Ахмед Лабазанов и начальник отдела строительства и архитектуры администрации района Магомед Абакаров побывали с рабочей поездкой на объектах строительства на территории района.***

***В рамках поездки глава района посетил детский сад на 100 мест в селе Миарсо, школу на 400 мест и благоустраиваемую общественную территорию в рамках проекта «Комфортная городская среда» в селе Рахата. Кроме того, побывал в селе Тандо, где идет реализация программы «Мой Дагестан – мои дороги» по ул. Центральная. Отметим, что данные объекты финансируются за счет средств Республиканского бюджета.***

***Также посетил строящийся открытый спортивный комплекс в селе Ансалта, который возводится по поручению Президента РФ Владимира Путина.***

***На местах Руслан Гамзатов совместно с главами сел, подрядчиками и представителями общественности обсудил сроки завершения объектов, обратил внимание на качество работ. Также поинтересовался у подрядчиков, необходима ли дополнительная помощь и имеются ли сложности в реализации планов.***

***Магомеду Абакарову и. о. главы района поручил оказать полное содействие и помощь в процессе реализации проектов, финансируемых из бюджетов всех уровней.***

***Также Руслан Гамзатов обратил внимание подрядчиков на некоторое отставание от графиков выполнения работ, в частности по детскому саду и открытому спорткомплексу.***

***В связи с чем порекомендовал проводить работы параллельно и привлечь на строительство объектов дополнительной рабочей силы , в том числе из местных жителей.***

***Пресс-служба администрации МР «Ботлихский район»***

# ДУН ХВЕДАЛ ЛЪАДУЦА

Дун хведал лъадуца гьабила магIу,
РикIкIина магIаби тIела магIил гIор
Къваридаб каранлъа унеб хIухьлаца
ХIайранго борхила бакIаб зигари.

Абила рукIанин нижерги къоял
Къадруял, бахилал, халкъго урхъарал
Бицина, берцинал ва цIакъ гьуинал,
ГьечIого гIоларел рукIанин къоял.

БацIцIадаб, ритIухьаб хъал тIад жемичIеб,
БукIанин нижеда гьоркьоб рокьул цIа.
Гьелъул хинлъиялъул, хIеренлъиялъул,
Лъалеб асар бугин даим дур рекIелъ.

Абила гьалагаб иххил гIор гIадин
ГIедераб ва гучаб букIанин щинан,
ГIебеде сверидал лъарал лъим гIадин
Сабураб, гъваридаб букIанин пикру.

Хадуй ГIазизида габуний хурхун,
Инсул тIагъуралъул тIад лъела къадру.
Хадусесде юссун ГIабдулхIалиман
«Ма, ретIе»,-ян кьела дадал доб тIимугъ.

«ГIоде»,-ян абила ПатIиматида,
Хьолбохъ Аминатгун Мадинат кIусун.
Огь, магIил рукъалъул магIна буголъи,
РагIунищ, МухIамад дир хирияв рос!

Абила вукIанин ракI гъурав, гIанчIав,
Гьал кампаниязул кепав тамада.
Тириго кьурдизе бокьулезда гьорлъ
ПасихIал кучIдузул камилав асир.

Чан сухIмат-кепалда кампаниязда
Гьасул талантазе тохлъун ккарал нуж
Жегиги мухIканго лъазе бокьани
Гьикъе ГIабдулада, дов Назирида.

Яги дов Муртазал МухIамад гьечIищ,
Мурадовгун Салман, тIолго гIолилал
Магнитофон буго, кассета буго
Кинаб рагIи кколеб нужгун гьав гьечIо.

Кинабго жоялъул жинди-жиндир бакI
КIолароан дуе гIаксаб хIехьезе.
ГIамал мекъавилан рекъазда ккана,
Рекъонищ дуй ккараб гьанже вугеб бакI.

Гуро, дур гIумрудул даимав гьалмагъ,
РитIухълъи, гьуинлъи букIинчIо тIокIаб.
ТIекъалде, мекъалде рекъон ккечIелде
Абулаан рагIи магIнагун цадахъ.

КIарчамлъи, чамгIаллъи чорхолъ куцичIев,
Чорокал пикраби ботIролъ рессинчIев.
Ссигун чилъи хварал харбал рицинчIев
Дур бицун чIалгIинчIищ чIобогояб ракI.

«ГIоде»,-ян абила дица дидаго,
Борхун гьаракь биччан магIуги гьабун.
Гьеб мехалъ дир гьаркьил загIипаб макъан
Дур къаникь багъила дандрижи гIадин.

РакIалдаса анищ цо хIалакиндал,
ХIалуцараб ццидал къвачIа тIун индал
Рукъ сверун тириго тIадагьаб куцалъ
ТIокIав лъалхъинчIого кьурдун толеб куц.

Хадубги кIочене чарайищ бугеб
Чанги копол цIаялъ кодов восидал
Киналго лъималги сверун руссинан
Лъимерлъун гьезулгун дур махсараби.

Бицине, рикIкIине, рекIелъ цIунизе,
Заман рикIкIалъухъе ракIалде щвезе,
Дур гIамал-хасият халкъалда гьоркьоб
Бахьун сурат буго ссун каранлъ бикIун.

Мекъалда-тIекъалда тIад рекъечIого,
ТIуцлъараб дур калам къала каранда.
Колхозник хIакимлъи хIисаб гьабичIо
ХIалтIараб дур перо мисал кколарищ.

Мун гIагарлъиялъул гIоркь ккурав инсан,
Ирслъун букIана дуй гьаб тIадаб налъи.
Мун росдал халкъалъул лъаларев вакил
Керен унтулаан гьезий гIоло дур.

Гьеб дуе инсуца ирсалъе кьуна
Васигатлъун тана тараб наслудуй
Телеб батила гьеб гьанже бачIунеб
БукIинесеб нилъей гIуцIулецаги.

МагIу гьабулелъул ва гIодулелъул,
ГIададаго хIухьел угьун толелъул.
ЛъикIго пикру гьабун цебе чIезабе
БукIинчIищ нилъерги талихIаб заман.

БукIана-гьеб буго доб араб заман
БукIина-гьеб гьечIо бачIунеб заман.
Нилъ тIабигIаталъул тIурарал лагъзал,
Нилъ лъагъзадерил гьеб тIубараб асир.

Огь, нилъей кидаго гьаб дунялалда
Даимаб ихдаллъи гьеб щолареб жо
Баккула тIогьода, тIогьод буссуна
ТIун гьороца уна гьаб буссунаро…



## Иргадулаб ЕГЭ кьуна

Араб анкьалъ Ансалт1а росдал гьоркьохъеб школалда т1обит1ана профильнияб математика кьеялъул экзамен. Гьениб г1ахьаллъи гьабуна Болъихъ районалдаса гуребги мадугьалихъ ругел районаздасаги школа лъугIун къватIире унез.

Экзамен байбихьилалде цебе гьабураб гьит1инабго гьикъа-бакъиялдаса щварал баянал:

**Исана ЕГЭялде х1адурлъи нужер кинан араб?**

**Ах1мадова Амина-(Зило )**

-Ц1алул сон байбихьаралдасаго х1адурулей йик1ана дун дицаго т1аса рищарал экзаменал кьезе. Карантин лъазабун букIиндал школалъул ц1алиго г1адин ЕГЭялде бугеб х1адурлъиги гьабизе ккана онлайналдаса. Гьенибги лъик1аланго кумек гьабуна дие нижерго муг1алимзабаз.Бокьун буго гьезие рак1-рак1алъулаб баркалаги загьир гьабизе.

**Сагитов Насиб-Зило гьоркьохъеб школалъул директор**

Исана ЕГЭ кьезе бихьизабун буго г1иц1го т1адег1анаб ц1алул заведениялда лъугьине къасд бугел лъималазе. Гьединаб мурад нижер ц1алдохъабазда гьоркьосан цо ясалъ гурони бихьизабич1о. Гьединан нижецаги х1адуриги, божилъиги Аминатида хурхинабун буго.

**Зелимов Г1али-классалъул руководитель**

Жакъа ниж гьанире рач1ун руго нижер выпускницаялда ва щивав нижер ц1алдохъанасда бихьизабизе кидаго муг1алимзаби гьезда нахъ рук1ин ва гьез росарал бергьенлъабаздасагун борхалъабаздаса роххарал рук1ин загьир гьабизе . Щайгурелъул щивав учителасе жиндир ц1алдохъан вукIуна росдалги районалъулги ц1ар машгьур гьабизесев вакил. Биччанте гьез нилъее бач1ине лъик1аб ц1ар. Кинаб нух гьез т1аса бищаниги бук1а абе гьеб бит1араб нухлъун. Бит1араб нухда гьел ругебг1ан мехалъ нилъги гьезда нахъ рахъун ч1арал руго ва рук1инеги руго.

**Бокьанищ Болъихъ район?**

Г1абдулмаликов Гъазияв-(Агъвали). Берцинаб бак1 буго. Г1адамалги лъик1ал руго. ЕГЭ кьезе Болъихъе рит1ун рач1ана ниж. Бихьизе хъван бук1ун батила.Рак1алда ккола экзаменги рак1 разияб х1алалда кьезе к1велин абун.

**Кинаб бугониги квал-квал яги санаг1алъи бахъи бук1унищ нужее, хъаг1аб халг1атал рет1араз хал-шал гьабулеб бугин абун, рихха-хочи, х1инкъи бачIунищ рек1елъе?**

БачIунаро, кинабго лъик1 буго. Лъик1 х1адурана муг1алимзабаз, аск1ор рахъун ч1ун руго. Жибго экзамен байбихьилалдеги рак1 батизабула, рек1елъ рохалилаб асаргун божилъигун х1адурула ниж экзамен кьезеги.

Баркала буго киналго муг1алимзабазе гьезул х1алт1ухъ . Нижее кьураб лъайгун рокьиялъухъ.

Нух бит1аги нижее!

Гьединаб гьара-рахьиялда ва щулияб божилъигун ана ц1алдохъаби иргадулаб экзамен кьезе.

**З. Мух1амадова**

# "КАМАР" ГЪУТАНГИ , ГЪОДОБЕРИСЕЛГИ...



Суалалги гІемераб, гІарзалги камулареб, гІадамалги рази рукІунареб заман бугоха гьаб. "ИнчІого хаселги какуге, хвечІого нуцалчиги веццуге",-ян абиги батана магІарухъ. Гьаб ахираб заманалда цІакъго-цІакъ билълъанхъун ун буго цеве вукІарав хІаким вецциги, цоясдаса цояв хварав гурони вачІунев гьечІилан, гьесдасанги разилъиги бихьуларин абиги. БитІараб бицани....Гъодоберисезул гъутаналде сапар бухьунаго, рекІелчІеялда вукІанаха дунгоги, долго ракул гохІалги, хІалакъаб боцІиги, хьуцІиде руссарал бокьалги цере чІезарун, гъутан буго гъутанилан, тахшагьаралде гурелъулха дунги унев вугевилан дунго сабруялда чІезавулев вукІана. РекІее кІудияб мадарги кинха букІунеб "Комар хутор" бугелъулха гьаб бакІалда цІарго. ГъизляралдасакІикъогогІан километраялъ рикІкІад букІаниги, батІалъиго лъалеб букІинчІо нухазулги. Ахирисеб къого сонaлда гьенибе цІияб хъил тІун гьечІониги, "гьадабго" СССРалъул хІалтІул "Знак качества" кинго хвезабизе кІун гьечІоан. Гьай-гьай, гъутаде сверулеб сверелги тун Гъара-нугъаязул ракьалде ниж ккун ратаниги, байбихьанаха "цивилизация" абун пикрабиги женжедизе цІидасан ботІролъ. БитІараб нухде щваралго гьенир нужерал ратизе ругилан абуна цо нугъаяс. ПалхІасил... ХІасрат вугелъулха гъутаналде щвезе, шагьранухда ругел донкІелаздаса кІанцІолеб, цІвакизабун чурараб машинаялда речІчІулел хІарщул тІирабиги цере чІезарун, рекІееги цо гІемерго "комфортги" букІинчІоха битІараб бицани. Гьаб батилаха нужер гъутанин тункана росдал бегавуласда, берзуе гьеб бакІги гІун, ГІубайдулаги гІад гьавулаго. "Бугохаян гьес абидалги божичІого гІадин щакльунго цІехана" щваралищ нилъилан. РагІдукь машинаги лъун лъугьа жинда хадув мажгиталъувеян гьев цевеса тІагІана. ТІоцебего бер речІчІулеб бакІалдаги, беричго къачІараб мина букІинальги батилаха ФАПалъул "кІалгІа" рекІее гІуна. Рахан букІаниги, кІиго цІорол гордо бекун бихьаниги, сверуни къан, къачІа-кІатІанго хутІун буго, басралъизе рекІараб, амма жегиги пайда босизе бегьуледухъ бугеб гьеб мина. Дагьаб цебегІан голосованиеги тІобитІун буго ан гьениб, гордухъан рихьулел рукІана бакІ-бакІалда сокІкІарал игІланиял кагътал. Каки гуребги, бугеб ахІвал-хІал къватІибе кьей бугелъул дирги мурад. Гьеб ФАПалъ жегиги пайда кьелилан хьулги буго ва гьенив хІалтІизе фельдшерги щвезе ватила. Шагьрудинов МухІамадкамил-районалъул бетІерав тохтурасул баяналда рекъон гьеб ФАП балансалде босун гьечІолъи лъана ва районалъул бетІерасул ишал тІуразарулев Руслан ХІамзатовасги хІисабалде босана гьеб суалалде жегиги тІад руссинилан ва тІадчагІазда цебеги лъелилан.

ЛъугІана рузман, руссана данде ва жидерго суалал, хабар-кІалгун, камураб-тараб бицине журана жамагІат. ЖамагІат абуниги цебе чІезе бегьулаха кІудияб жамагІат, битІараб бицани, анцІго-анцІила хадув чи вукІана. Росульги 50 гурони цІараки гьечІелъулха. Росулъилан абун борчІанаха дидасан, битІарабха, гьитІинабго берцинаб, беричаб росу буго. Бихьулебги буго Гъодоберисезул кверзул махщелги щвалде щвараб хІалтІул роцІцІенги. Киназего "рихарав" СПКаялъул председатель гьенив ватичІо, чІвалеб-толеб гІайиб-гъвелги камичІо, киналъего гІайибияв гьев вугев гІадин, гІарзалги ругоанха. ГІадамил лъимерги лъикІ бугебгІан гІоларев жо вугоха, цІияб росуйищха гьесги балеб (СПКаялъул председателас). Цо дагьал нахъе данделъана ниж, жиндирго бихьиги бичІчІиги баян кьуна Абакарицаги (СПКаялъул председатель). Гьев кІалъан лъугІизегІан гІенеккунги чІун дица абуна, заманаялъ вукІаниги дунги редакторилан вугелъул дида чара гьечІеблъун бихьулеб бугоха нужер гІузрабиги рехсон, гІолеб-гІолареб рахъалъул баян халкъалъухъе кьезеян. Амма бокьилаанха халкъалда гьоркьосан цо, кІиго-лъабгояв вакил гьавун нужеца цІар чІвани, гІодоре риччан киналъулго бицине. Гурони цоясухъги гІенеккун дун ине бегьуларо, букІине ккола кьучІ ва мухІканлъи. Хадур гьелилан цере нижги ритІун, тІагІана нахъасан хьутаналъул вакилзаби. Дун рокъове вачана Лабазанов Завурбегица. Колхозалда завфермалъунги хІалтІарав, вехьлъиги гьабурав, гьанже жиндирго магІишаталдеги жуван, жигаралда гьеб цебетІезабулев вугев (гІумрудул 62 сон).

Саламатав чи вуго тІад балагьунги, гьабулелъулъги абулелъулъги щибго тохлъиги бихьичІо, букІаниги дол гІемер кІалъалел рукІарал рачІинчІелъулха цадахъ до дагьаб рекІееги гІечІо дие. Киса-кибего какулеб бугеб СПК (цогидал бакІаздагиха) гьанибги тІадбан батулареблъи лъаларищха, лъазе бокьиялъ тІоцебесеб суал Завурбегие.

**СПКаялъул щиб хІалха бугеб?**

ЦІар бугоха...

**Нухазул иш кин бугеб? (кигІанги лъикІ рукІинчІолъи дидаго рихьаниги).**

ЗайнулгІабидовасцин абуна, балансалдаго гьечІеб нух бугилан гьаб.

Мунагьал чураяв ГІашиноса Чупанил гІемер цІар рехсана гьениб, "гьес гьабураб нухилан", "бахьараб артезианилан", "Чупанил заманилан, заманаялъ ракІалде щвезабуна. Баянал дагьал кьучІал гьечІиланги хадуб Абакарицаги бицана. Киса-кибего гІадин лъел суал бугоха захІматаб, гьелдасанго байбихьана бахІсазде. Гъовго Лабазановасул баяназда рекъон, ракьдаллъиялъ буго, бецизе херги гІоларого, гІадамазе лъалъадизе ресги кколарого. Росдал рагІалда бугеб канал букІана цебе, бетІерахун жанирегиИ кІанцІулеб, квачІги балеб, киналго чвердезеги унеб бакІ 7-8 куб (секундалда жаниб) литр унеб бакІ, гьанже 0,8 литр гурони гьечІо) хІурул цІун бацІцІинчІого 30 сон буго, СССР бихьаралдаса.

Сельхозуправлениялъул нухмалъулев Албегов Абакарил баяназда рекъон, аскІор ругел СПКаязул пиринчІ бекьарал бакІал (чехал) лъел цІезегІан лъел кьварилъи букІине бугилан абуна данделъиялда. Амма азбаралда, рокъоб ва пастІаналъул кІиго-лъабго бакІалда лъим камураб мина-кертги гьечІоанха.

Гьанжеги довго Завурбегил баяназда рекъон: "Вышеталовка" абун



аскІоб бугеб росулъ школаги тун (9 км.) КІикІуниб гъутаналде (15 км.) щай школалде лъимал ритІулелилан цІехедал, цІияб "Газель" машина кьунилан бицана гьез Шапи ГІабдулкъадировичасул кумекалдалъун (нач. УНЛ отгонного.)

Гьелдасанги тІолалго рази ругиланги тІадеги жубана.

Жиндирго гІузрабиги рехсана Завурбегица. Дир ясалъул вас вуго гІажизав чи, щибаб нухалъ вачІине ккола гьевги вачун анализал кьезе Болъихье, босун гьенисан направлениегун МахІачхъалаялда бугеб "реабилитационно-восстановитель лечения" больницаялде ине ккола. Бокьараб справкаялда хадувги районалде вачІине ккола. Гьесул хьизан Мархатги жуяна гьорлъе...Давление борцине чи гьечІо гьанив, больницаялде ине ккананиги машина цІехезе ккола. Газ гьечІо, ясли-ах гьечІо, унтарав захІматго унтаравха 37 километраялъ Гъизляралде вачине кканани, кин букІунебали дуцаго пикру гьабеха, цІад балеб къо, гІазу балеб мех, гьадинан нах гьалулеб жакъа гІадаб багІариги.

Бекьулаан цебе ролъ, **Чупанил** заманалдаха бачІин букІана 23 центнер гектаралдаса, рекордный урожай, 18-го гурони бачІунароанилан баян кьуна цойгидасги.

**ГІолохъанаб гІел щибулебха бугеб?**

Хер бецулел, баччулел, хасалоялде хІадурулелха.

ХІан бахъулел алатазул цІун букІана Лабазановасул тІад хьваликь бугеб азбар.

Дир берзул балагьиги бичІчІун баян гьабуна.

ХІан босизе рокъорего рачІуна МахІачхъалаялдасан, Осетиялдасан гІадамал. 180-ялде кило унаха цадахъго, цебе 120 гъурущалда букІана гьанже борханаха багьаги.

Багьана гьечІев чиги вукІунаро, "ГьацІулъ хІеги, хІанилъ расги камуларилан" абиги бугелъул, Завурбегидаги расги гІайиб гьабичІо дица. Гьесги жиндаго лъавухъеги, бихьухъеги, бичІчІухъеги бицана, цойгицин тІаде жубалаан, жинца чиги какулев, бугьтанги лъолеб, кьагІидагун гІамалги гьесулъ хассльичІо.

Хадув витІун чапар вачІана дида, лъай-хьвай гьабуна. АсхІаб Къурбанов вугилан живан абуна, тІадеги жубана, хьизаналъул председатель кколилан (махсаро). Гьесдасанги щвечІо капкил багьаяб баян доба бицинилан кинабго тана. Метералде лъезе тараб рачІ, кьоркьода жеги бижун гьечІо, бачІинеб батила заман, якьинлъила кинабго.

Щвана СПКаялъул председатель ГІабдурахІманов Абакарихъе, нижедасан цебего хабарги щун бугоан гьасухъе, киб, щиб букІарабали, цодагьавго хІалуцунги вугоан Абакар.

Ункънусазарго налъигун щвана дихъе гьаб СПК, гьебги бецІана, 177 гектар гурони гьечІо ролъул пайда босулеб, гьелдасанги 12 гектар гьечІо хІалтІулеб. Гьабун кьотІигун щивасе бикьана ункъ-ункъ гектар ракьул, жидеего пайда босизелъун. Бугоха лъел кьварилъиги, кьанагІатлъиги, гьебги хІисабалде босун буго тІагІинабизе. Гьал кьояз гьанире рачІун рукІана сельхозуправлениялъул нухмалъулев Албегов Абакар ва бетІерав агроном Ибрагьимхалил... Гьелда тІад хІалтІулел руго.

БитІараб бицани "Грех жаловаться все есть, как сыр в масле катаются" бокьухъе тун руго.

РукІунарищха рази гьечІелги, Аллагьасдасангицин рази рукІунарел гІадамал, цІад бани бакъ хІажалъун, бакъ бухІани регьел бокьун, дидасайищха рази рукІинел. РакІарун киналгоги данделъун, бицуна кинабго, баян кьола. Гьеб данделъиялда нужги гІахьаллъани цІакъ бокьилаан ва цоцахъе бачІараб баянги щвелаан хІурматияв газета цІалулел, баркалаги гуреб, кириги щолареб жо буго гьаб макъала хьвай. Чадие, хинкІие, ялъуни чорхое чи вихьун макъала хьвалеб гьечІони, гьаб дир хІалтІиги битІараблъун рикІкІуна дица. РукІинарищха дидасанги рази гьечІелги...гьебги хІисабалде босана дица. Цойги мурад букІинчІо дир гьалбалгун гьудулзаби, лъалелхьвалел гьодоберисел. Нужер гІумру лъикІлъи дирги ва тІолгоязулги мурад. Амма нуж цойгидал росабазул гъутабазда гІадин гьечІо, гьезулги, нужерги гІарзазулъги, гІузрабалъги кІудияб тІокІлъигиха нужер бугеб.

Баркала кьезе бокьун буго, ниж рокъореги рачун нижее гьоболлъи гьабуразе, цебе лъураб кванил нигІматги аза-азариде бахинабеги. Хасаб баркала Къурбанов **МухІамадил** хьизан-кулпаталъе, кинабго жамагІаталъе.

**Гьаб макъала къватІиб иналде СПКаялъул председатель ГІабдурахІманов Абакарица лъазабуна Гъодобери «Камар» хуторалде лъим бачІанилан «Значить жизнь продолжается».**

**Гара-чІвари гьабуна М-Р. ГъазимухІамадовас.**

# Координатор от администрации Ботлихского района проверил ход работ по ремонту внутрисельских дорог

Координатор администрации МР «Ботлихский район» по объектам финансируемым из средств дорожного фонда, выделенных из бюджета МР «Ботлихский район» сельским поселениям на ремонт внутрисельских дорог, Расул Нуцалханов совместно с главами, депутатами, а также представителями общественности посетил объекты ремонтно-строительных работ в следующих сельских поселениях: «село Кванхидатли», «село Нижнее Инхело», «сельсовет «Годоберинский», «сельсовет «Ансалтинский», «сельсовет «Рикванинский».

В рамках рабочей поездки Расул Нуцалханов ознакомил присутствующих со сметной документацией. При осмотре особое внимание уделил на объём и качество выполненных работ. Поинтересовался у местных жителей их мнением о проведённых ремонтно-строительных работах.

Депутаты и общественность в лице координатора выразили благодарность руководству района за оказанное внимание и прозрачность выполняемых работ.

В общей сложности в районе ремонтируются 41 автомобильных дорог за счет средств районного бюджета. На ремонт автомобильных дорог из средства дорожного фонда района сельским поселениям в текущем году выделено 24 692 000 рублей. Предпочтение при выборе ремонтируемых дорог отдается центральным дорогам,в том числе пересекающиеся с социальными объектами на местах.

Доводим до сведения жителей района, что за информацией по объектам можно обратиться к координатору от администрации МР «Ботлихский район» Расулу Нуцалханову по номеру: +79288033231.



***ИЗМАГIИЛОВ ГIИСАЛДИБИР МУХIАМАДОВИЧ***

Гъваридаб пашманлъигун зигара балеб буго районалъул лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулев ИзмагIилов ХIажигIиса МухIамадовичасда ва гIагарлъиялда гъесул вац ГIисалдибир Аллагъасул къадаралде щвеялда бан.

ГIисалдибир вукIана хIеренав, хIалимав, ракI бацIцIадав инсанги ва ритIухъав нухмалъулевлъунги. ГIемерал соназ гьес нухмалъи гьабуна балъхъадерил колхозалъе ва хIалтIана пачалихъиял гIуцIалабаздаги. Кив хIалтIаниги гьес живго вихьизавуна лъикIав инсанлъунги ва ритIухъав нухмалъулевлъунги.

Аллагьасда цевеги гьединавлъунго ватагиха мунагьал чураяв ГIисалдибир.

**Райадминистрация, Райсобраниялъул депутатал, УОялъул ва "Гъудуллъи" газеталъул хIалтIухъаби.**

### Последствия участия детей в драках

***Чаще всего в драку вступают дети младшего и среднего школьного возраста.***

***За побои установлена административная ответственность, которая может наступить только по достижении 16-летнего возраста. К драчунам, не достигшим возраста ответственности, применяются иные меры профилактического характера.***

***Поводом для административного расследования является любая информация о факте причинении побоев, поступившая в отдел полиции от граждан или из медицинского учреждения.***

***В ходе проверки должностные лица полиции получают объяснения от участников драки и их законных представителей, очевидцев, истребуют сведения о характере и степени тяжес ти вреда здоровью потерпевшего.***

***По результатам расследования в связи с недостижением возраста административной ответственности выносится определение об отказе в возбуждении дела об административном правонарушении с одновременной передачей материалов на рассмотрение Комиссии по делам несовершеннолетних и защите их прав администрации района.***

***Если участники драки достигли 16 лет, дело об административном правонарушении также передается на рассмотрении вышеназванной комиссии.***

***Заседание проводится с участием подростка и его законных представителей.***

***Несовершеннолетний, не достигший к моменту совершения правонарушения 16 лет, может быть предупрежден о недопустимости подобного поведения, с ним и его законными представителями проводится профилактическая беседа. Одновременно решается вопрос о наличии оснований для постановки подростка на учет в подразделении по делам несовершеннолетних органа полиции сроком до 6 месяцев, в течение которого его поведение будет контролироваться или о направлении в специальное учреждение. Профилактическую работу будут вести и в школе, которую посещает подросток.***

***В отношении лица, достигшего 16 лет могут быть применены аналогичные меры воздействия с назначением штрафа или без такового.***

***При отказе добровольно погасить причиненный потерпевшему ущерб, он может быть взыскан с родителей виновного в судебном*** порядке.

**Помощник прокурора Ботлихского района**
**младший советник юстиции**
**К.С. Загидиев**

### «Об ограничении пребывания граждан в лесах и въезда в них транспортных средств»

***В соответствии с прогнозом Гидрометцентра России на территории РД с 10 по 30 июля ожидается установление высокой температуры воздуха до 30 о С. с установлением высокого класса пожарной опасности .***

***В связи с установлением особого противопожарного режима на территории РД на основании Распоряжения Правительства Республики Дагестан от 09.07.2020г. № 141 «Об установлении особого противопожарного режима на территории РД» и в ведение ограничений пребывания граждан в лесах Распоряжением КЛХ по РД № 39 от 09.07.2020 г.***

***«Об ограничении пребывания граждан в лесах и въезда в них транспортных средств» в целях обеспечения стабильной лесопожарной обстановки на территории лесного фонда ГКУ «Ботлихское лесничество» с 10 по 30 июля 2020 г. ограничить пребывание граждан и въезда транспортных средств в леса.***

**Врио руководителя**
**ГКУ «Ботлихское лесничество»**
**Д.М.Магомедов**

### Уважаемые налогоплательщики!

***Федеральная налоговая служба информирует:***
***В соответствии с Федеральным законом от 29.06.2012 № 97-ФЗ система налогообложения в виде единого налога на вмененный доход (ЕНВД) с 1 января 2021 года не применяется.***

***Организации и индивидуальные предприниматели, применявшие ЕНВД, могут перейти на следующие режимы налогообложения:***

***1) на упрощённую систему налогообложения.***

***2) индивидуальные предприниматели, привлекающие при осуществлении своей деятельности не более 15 работников, могут перейти на патентную систему налогообложения;***

***3) индивидуальные предприниматели, не имеющие наемных работников, могут перейти на применение налога на профессиональный доход.***

***Организации и индивидуальные предприниматели при применении указанных режимов освобождаются от уплаты тех же налогов, что и при ЕНВД (налог на прибыль организаций (НДФЛ), налог на добавленную стоимость, налог на имущество организаций (физических лиц).***

***Информация о существующих режимах налогообложения размещена на сайте ФНС России (www.nalog.ru)***


**ГIудуллъи газета гIуцIарал**

«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

**Учредитель**

Администрация МР «Ботлихский район»

**Эл. адрес:** druzhba555@mail.ru **Сайт:** druzhbabotlih.ru

**Редакторасул ишал тIуралев**

***М-Р. ХI.ГъазимухIамадов***

**Отделалъул редактор:**

ГI. ГъазимухIамадов

**Мухбирзаби:**

ГI.МухIамадова

М. МухIамадова

**Наборщица**
П. Эльдарова

**Дизайнер**
С. Камилова
**Корректор:**
П.МухIамадова

**Фотокорреспондент**
К. Камилов

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан. от 31 мая 2017 года.**
**ПИ № ТУ 05 - 00381**
**Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел.**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.**
Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Имам ГъазимухIамадил къватI, 103

**Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.**

**Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61**
**Тираж -300**
**Индекс-51349**

*Заказ №* _____